



EXERCISES

EXERCISE 1: Identifying the Characters

1. Lan la Aysatu sol?
2. Lan la Aysatu def?
3. Lan la Aysatu yor?
4. Lan la Mareem def?
5. Nan la Mareem def tankam?
6. Lan la Mareem sol?
7. Naka la Maam ji tudd?
8. Lan la maam ji sol?
9. Fan la maam ji toog?
10. Ñaata nit ñoo nekk ci waxtaan wi?

EXERCISE 2: Reading comprehension. Choose the right answer between A, B and C

1. **Lan la Aysatu wax ci Mareem?**
A: Nu ma ko jéppée
B: Dama ko wasin
C: Dama ko ěmb
2. **Lan la Mareem tontu Aysatu?**
A: Ñoo bokk yaay
B: Kër gi, ěppalewoo ma fi dara
C: Yow danga xamul sa bopp
3. **Lan la Aysatu wax Mareem mu dem laaj ko maamam?**
A: Kan mooy sa baay
B: “Ñakk a xam lu mu waral a bare”
C: Loolu, lu ñuy waxaat la
4. **Lan la Mareem wax maamam?**
A: Aysatu sama mag la

B: Dañu jotewoon léégi

C: Wax ma dëgg

5. Lan la maam ji tontu Mareem?

A: Laajil sa yaay kuy sa baay

B: Aa Mareem nak li nga laaj keemaane na de!

C: Kuy sama pàppa

6. Lan la maam ji xamal Mareem?

A: Yeena bokk benn baay

B: Baa juddoowul ci buumoog sëy warulaa donn

C: Ndox tuuru na

EXERCISE 3: Matching. Match the expressions in column A with their equivalent or corresponding phrase in column B

Column A

- 1) Yow, gaañ nga ma
- 2) Laajijil sa maam walla sa yaay kuy sa pàppa
- 3) Am ndox bu tuuroo, am mbàq moo ciy des
- 4) Sa maam bi jur sa yaay dara la si bëggul woon
- 5) Yow dañu la wara xamal te xamaluñu la
- 6) Baa juddoowul ci buumoog sëy warulaa donn
- 7) Bu xamoon nu ma ko jéppée
- 8) Li mu wax rëy na de!
- 9) Mu gëna tuuti ci kër gi
- 10) Èppalewoo ma fi dara

Column B

- a) Kii su ma ko ëmboon, duma ko wasin
- b) Yow, xanaa danga may bëtt
- c) Lu nga fi am rekk laa fi am
- d) Xale bi
- e) Yow xamoo sa bopp
- f) Li nga laaj keemaane na de
- g) Laajijil sa maam walla sa yaay kuy sa baay.
- h) Kër gi nak, léégi ñu miiraas, dara amoo ko fii
- i) Lépp nak sa maam la
- j) Luy am am na ba pare mënuloo ci dara

EXERCISE 4: Fill in the blank by using words from the glossary

Jabaru Muusaa dafa _____ juróóm-ñenti weer, waaye bésub talaata la _____ ci jàmm. Kon mën nanu wax ne doom jooju _____ sëy la juddoo.

Faatu dafa doon _____ kër gi, mu fekk Xadi toog _____ ay tankam di seetaan tele.

Boroom kër gi su deewee, njaboot gi dañuy _____ kër gi. Su ko defee kenn du wax maa la _____ li ci kër. Waaye doom ju juddoowul ci buumoog sëy du _____ .

Yaayu Mareem dafa doon _____ ak baayu Mareem. Loolu moo tax ñu _____ sëy bi. Mareem dafa _____ Maamam kuy pàppaam.

Xadi ak Faatu ñoo _____ baay waaye Xadi _____ na lu ne ngir _____ sëyu Faatu ndax bëggul jëkkëru ràkkam ji.

EXERCISE 5: Ask questions corresponding to the underlined words.

Misaal: Waajuri Mareem yi dañu doon gise ci suuf.

Ñan ñoo doon gise ci suuf? (Waajuri Mareem yi)

Waajuri Mareem yi, lan lañu doon def? (Gise ci suuf)

1. Aysatu dafa jéppi Mareem ndax du bale kër gi.

2. Mareem dafa aj ay tankam di lire journal.

3. Mareem laaj na maamam lu keemaane!

EXERCISE 6: Listening comprehension. Listen to the conversation and answer these questions.

1. Lan la waxtaan wi tēnk?
2. Lu tax Aysatu ne dafa jéppi Mareem?
3. Lan la Mareem bokk ak Aysatu?

4. Ndax seen baay mu ngi dund?
5. Lan moo tax Mareem ne Aysatu “ëppalewoo ma dara ci kër gi”?
6. Lu tax Aysatu wax ne Mareem xamul boppam?
7. Lan moo tax maam ji xalaat ne Mareem juddoowul ci buumoog sëy?
8. Kan moo fexe ba tass sëyu waajuri Mareem yi?
9. Kan ci ñoom ñaar moo juddoo ci buumoog sëy?
10. Lan moo tax Mareem ne waajuram yi tooñ nañu ko?

EXERCISE 7: Replace these Urban Wolof phrases with their standard Wolof counterparts.

1. Lu la tere nga puus ko?

2. Dangay xaar ma ne la puus ko?

3. Aj ay tankam ne dafay *lire journal*

4. Nga jël say tank aj ko di xaar ma ne la puusal.

5. *Ça va?* _____

6. *Ça va bien.* _____

7. *C'est que* Aysatu laa amaloon wax léégi

8. *Problème* yu ndaw am, sëy bi tass

9. Avant sëy bi la am.

EXERCISE 8: Replace these Lebu Wolof phrases with their standard Wolof counterparts.

1. Kanam gi daha daawul ne xëccu nii de!

2. Yow la maa déglu. _____

3. Aa luy loolu kala sa baay! _____

4. Kala sa baay nga ma laaj? _____

5. Aa laajjil sa maam kala sa pàppa? _____

6. Te ma wax la rekk laa bëgg? _____

7. Baa juddoowul ci buumoog sëy warulaa donn.

8. Ay gunë bu ñu bëggantee, daha leen bàyyi.
